ab ràmbaajkat du dugg àjjana

Jële na ñu ci Husayfata Inb Yamaan -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax naan: «ab ràmbaajkat du dugg àjjana».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli jàmm- day xamle ne ràmbaajkat biy tuxal ay wax ci diggante nit ñi jubloo yàq séen diggante kooku yayoo naa mbugal ci mu bañ a dugg àjjana.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5368